

Nimewo 16

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Entèdi Ajans Eta yo ak Otorite yo pou yo pa Fè Kontra ak Biznis ki Fè Aktivite Biznis nan Larisi**

**LÈ NOU KONSIDERE**, Larisi angaje nan yon atak enjistifye epi yo pa pwovoke sou peyi souverèn Ikrèn;

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York se lakay pi gwo popilasyon Ikrenyen an nan Etazini.

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York kanpe fèm epi li kondane byen fèm zak Larisi kont Ikrèn;

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 27 fevriye 2022, mwen te siyen Dekrè Egzekitif 14, ki entèdi antite Eta yo fè kontra oswa envestisman ak biznis ki gen katye jeneral yo nan Larisi oswa ki gen biwo prensipal yo nan Larisi, ki etabli byen fèm refi Eta a pou kontribiye nan atwosite ki ap fèt kont pèp Ikrenyen an;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta a pa pral pèmèt aktivite li kòm yon patisipan sou mache a pou sipòte yon lagè enjistifye pa Larisi ak اساسina Ikrenyen inosan yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, pwoteksyon New York pou pa finanse diskriminasyon kont pèp Ikrenyen an se yon enterè Deta konvenkan;

**KIDONK KOUNYE A**, Mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York la mande avèk dokiman sa a, ki anvigè jiskaske sanksyon gouvènman federal la enpoze yo pa anvigè ankò, sa ki annapre yo:

1. Definisyon:
  - a. "Antite Eta a Ki Afekte yo" vle di (i) tout ajans ak departman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif, epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak konsèy kote Gouvènè a nonme Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Konsèy yo, sof pou Port Authority New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey).
  - b. Yon "Antite k ap fè operasyon biznis nan Larisi" vle di yon enstitisyon oswa yon konpayi, kèlkeswa kote yo sitiye a, k ap fè nenpòt aktivite komèsyal nan Larisi oswa fè tranzaksyon biznis ak Gouvènman Larisi a oswa ak antite komèsyal ki gen katye jeneral nan Larisi oswa ki gen lye prensipal biznis yo nan Larisi nan fòm kontra, vant, acha envestisman, oswa nenpòt patenarya komèsyal.
2. Tout Antite Eta ki Afekte yo resevwa lòd pou yo evite antre nan nenpòt nouvo kontra oswa renouvle nenpòt kontra ki deja egziste ak yon antite k ap fè operasyon biznis nan Larisi.
3. Malgre sa ki anwo a, yon Antite Eta ki Afekte ka fè kontra ak yon antite k ap fè aktivite biznis nan Larisi depi dirijan Antite Eta ki Afekte a detèmine alekri ke envestisman oswa kontra a nesèsè pou Antite Eta ki Afekte a reyalize fonksyon li epi pa gen okenn envestisman oswa kontra ki adapte ki egziste.
4. RoAnn Destito, Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la pral etabli direktiv pou antite Eta ki afekte yo nan evalye egzijans lòd sa a epi fè detèminasyon sou aplikasyon pou kontra potansyèl yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany  
nan disetyèm jou mwa Mas nan ane de  
mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a